2019

AY LEERAL CI NANGUTOO YI ÑU TÉRALAGUM CI SARTAY DOXALINI RÉEW MI (DI BI ÑU DEFARAAT TE GÉN KOO YAATAL)

Kurél giy saytu wàlli Jàngat Sarti réew mi

Kurél giy saytu wàlli Jàngat Sarti réew mi

11/13/2019

Wolof

NJÉLBÉENI XAAJ BI: RÉEW MU MOOM BOPPAM AK NIT ÑU AM KÁDDU CI SEEN DOXALINI RÉEW

1.1: Ci xaaj bii, pacca yi lim bi tambalee 1 be 5, raññee nañu ci ne réewu Gambiya doon na réew mu moom boppam, nitam ñi am kàddu ci seen doxalini réew teyit yaatal na mbootaayi polotig yu bari di yéngu ci wàlli polotig ci anami demokaraasi. Béppa Doole réew , nitam ñeeko moom te ñu ngi koo doxal ci anam wi ko sartay réew mi téralee. Uutéek Sartay doxalinu réew mi ñu taxawaloon ca atum 1997, xaaj bii amal na ab leeral ngir wone béréb yi bokka ci réewi Gambiya, boole ca bés ba réew mi moomee boppam te sampa itam ñaari nguur, maanaam nguuri réew mi ak nguur yu ndaw yi. Séddaale doxalini nguur nak lu am solo la ndax dafaa yittél kàddu nit ñi ak gox yi bokka ci yóoyu doxalin. Cëralé ci doxalini nguur gi rawtina mu jogée ci nguur gi ci teeru bi jém ci nguur yu ndaw yi ni ñu ko téralée ci xaaj bu jékka bi bokka na ci liy gén a yóbbu réew ca kanam.

1.2: Xaaj bii betey dafa bàyyi yi ñu térloon ca fànna wu njékka wa ca Sartay doxalinu réew mi atum 1970 ak bu 1997 ba taxaloon ne réewi Gambiya moo moom boppam waa réewi Gambiya am nañu kàddu ci seen doxalini réew[1], mu doon betey lu taxaw. Wécciwuñu fa dara. Betey mu ngi ci bàyyi it ya ñu téraloon ca wàlla wa mandargaal

[1] **Ca atum 2001 ci kow ndogalu Jéwrin ba jiitéwoon bànqaasu nguur gi nu dénka wállu átte gi, Neegu Dipité yi taxawaloon nañu ab wécci-wécci ci Sartay Doxalinu Réew mi, lii bokkoon ci yeneeni mbir, ngir mëna wécci Njélbéenu xaajit bi addax nu téral ne Gambiya doon na Réew Mu Moom Baatam Te Yemale Béppa Diiné. Bòobu xaajit bokkoon ci fanna yi ken mënula wécci ci Sartay Doxalinu Réew mi, nu binda ko atum 1997 askan bi mësuñu koo wotel. Nòonu, ganaaw ba Kemeseng Jammeh xeexee lii ci Attekaay Bi Géna Mágga ci réew mi, ñu daldi dogal ne, wécci- wécci bòoba naroona am, ándul ak Sartay Doxalinu Réew mi. Bii ndogalu daldi delloosi njélbeenu xaajit bi ni mu waree, ci nañu ko jékka téralée ne Gambiya réew mu "Moom Baatam La."Waaye, ba nu bindaatee luwaa réew mi ci atum 2009. Ñu wacca fi bii téralin di wone ne "Gambiya réew mu yemale béppa diiné la" bana toppa ndogalu Attekaay Bi Géna Mágga ci réew mi. Defuñu ludul marke ci Sartay Doxalinu Réew mi, fa Kemeseng Jammeh doon xeexee bii téralin ngir génnée bii baat. Bon nak, taxawaayu Sartay Doxalinu Réew mi moo di ne, njélbeenu xaajit bi ci Sartay Doxalinu Réew mi, nu binda ko atum 1997, mungi fa mu newoon be tey ni nu ko nangutoowoon ci wote Sartay Doxalinu Réew mi, nu binda ko atum1997.**

100(2) (b) ci Sartaay doxalinu réew mi ñu defaroon ca atum 1997 di tere Néegu Dipité yi, booleek yeneen, ñu baña taxawal benna luwaa buy dogal benna diiné doon diiné réew mi. Rax-ci-dolli, 47eeli bunta (ci biir juróom-benneelu xaaj bi) ci Sartay doxalinu réew mi ñu téralagum cëral mboolem mbindéef ci ni mu bëgga xelaatee, bokka ci diiné bu ko neex, am gëm-gëmam wala gis-gisam

XAAJ 2EEL BI: SARTAY DOXALINU R ÉEW MI AK LUWAA YI

2.1: Ci xaaj bii dalee ko ca 6 be 9eeli bunta ba, taxawal nañu ne Sartay Doxalinu Réew mi moo ómba béppa luwaa ci réewi Gambiya, mu wone it yeneen luwaa yi ñu fi am. Ëmba na itam ay mëtuwaay yuy wone naka lañoo doxalee ci anam wu wér yii ñu téral ci Sartay doxalini Réew mi. Xaaj bii joxe na ay yoon yu yaatu ci taxawaay bu dégér bi war ngir doxal mëtuwaay yi ñu téral ci sartay doxalini réew mi. Yoon yii dafaa tax nit gén a mën a sàkku ndimbal ci luwaa ngir boppam, mbaa ngir mbootaay mum bokka, wala ngir mbooloo, wala jëf ngir njérini askan wi, wala ab mbootaay di jëf ngir jàppale kenna wala ay doomi mbootaay ma. Xaaj bii di njélbéenu yoon leeral nane nangutoo yu réewi Gambiya ànda bokka na ci luwaa réew mi ganaaw ba ñu ko siñée taxawale ca Néegi Dipité ya.

2.2: Xaaj bii teg na ndigal béppa doomu réew mi mu fullal Sartay Doxalinu Réew mi, fonka ko te aar ko.

2.3: Tere na itam mboolem ku jéem a jalgati ci béppa anam wu awul yoon lu sartay doxalinu réew mi dogal. Bokka na ci taxawloo, daane wala wécci sartay doxalinu réew mi wala lenna lu bokka ci moom. Ci lóolu, nit du xëta sarta su bañee nangu lu jublu ci taxawal, daane wala wecci Sartay doxalini réew mi.

XAAJ 3EEL BI: MBAAXI RÉEW AK LI LAL TÉRALINI DOXALIN NGUUR GI

3.1: Bii xaaj bu bees la, ñu taxawal ci ay mbaaxi réew mi ak doxalini nguur wu lalu ci jokkale béppa bànqaasi nguur gi, ñi jiité nguur yu ndaw yi, liggéeykati nguur gi, ak képpa ku ñu limaale ci 10eeli pàkka bi be 12eeli bi. Li tax ñu gén koo taxawal moo di ngir gén a sagal réew mi, soppa sunu réew, kenna-kenna wala bokka ànda def sunuy warugal ci réew mi. Jàppee nañu lii yoon wu am solo wuy feeñ ci jamano ji ñu tollu ci defarini Sartay doxalinu réew.

3.2: Nangu na ne sunu cosaan moo lalu sunu réew mi te doon dundin bi boole sunu waa réew mi ñu doon benna. Mu it téral warugali béppa doomi réew mi, bokka ca di warugali gén a jémale kanam ak aar ni ñu fonkee réewi Gambiya ak turam wu baax, warugali saxal jàmmoo ci réew mi, bennoo gi bokka dékkak nit ñi ci jàmma, warugali aar ak sàmma li nu wór, ak warugali déggu te ormal réewi Gambiya te bokka ci li koo aar su ko laajee. Mbaax yii ak warugal yii lu am solo lañu ci yokkute réew ngir dañoo xirtalé ci njub, kóolute, muñalante, liggéey bu baax, bëgga sa réew ak séddale am-am gi ñép am seen cër.

XAAJ 4EEL BI: DOOMU RÉEWYAA

4.1: Xaaj bii dafa ëmba ay pàkka yu dalee ci limi13 be 21 di faramfecci kan moo di doomu réew mi ak itam naka la keneen di def ngir mëna doon doomu réewi Gambiya.

4.2: Xaaj bii dafaa aar doomu-réewyaa nit ñi doonoon doomi réewi Gambiya laata ñoo binda sartay doxalinu réew mii ñu téralagum. Fi ñu tollu, amatul xaaj digganté ñi doon doomu réew ngir dañu juddóo ci réew mi wala kenna ci waajuram yi juddóo fi. Xale yi amagul juróom-ñetti at te ñu for leen ci mbedda yi, doon ñu kenna xamul seeni waajur, dinañu leen jàppee ni doomi réewi Gambiya.

4.3: Yaatal na itam doomu-réewyaa bu Gambiya mboolem ku séy ak doomu réewi Gambiya te bindu, doon ku dékka ci réew mi lu weesu diiri juròomi at(waññi nañu ko, jélée ko juróom-ñaari at). Doomu-réewyaa bu ñuy sákku ci bindu am na itam waaye ñóoñu jaratul ñu xacceek seeni

réewi cosaan su fekkee ne ñóoñu ci seeni dékki cosaan doomu réewi Gambiya yi am nañu fa góogu cër.

4.4: Xale yi doonul doomi réewi Gambiya te doomu réewu Gambiya doomooleen, mën nañoo bindu ngir sákku doomu-réewyaa bu Gambiya. Am na yu nu téral ci doomu-réewyaa bu ñaari réew, jotaat doomu-réewyaa boo ñakkoon wala buñu la xañoon. Gén nañoo doolel sunu Néegu Dipité bi ndax mu mëna taxawal ay luwaa ngir binda xale yi juddoo Gambiya te seeni waajur doonuñu doomi réewi Gambiya dalee ko, wala balaa fukkéelu fan ak juróom ci weeru Noobemba(di fukkéelu weeru tubaab ak benna ci at mii) ci atum 2019, bokka ca di ña nga xam ne limuñuleen ci bii xaaj.

XAAJ 5EEL BI: <u>NJIIT AK NJUB</u>

5.1: Xaaj bu bees bii mu nga ca pacca ya lim ba dalee 22 be 29 di ca waxtaanee mbirum kiliftéef ak njub, di ay jikko yu am solo ci demokaraasi gu déggu. Li waral xaaj bii moo di jooytu gu jéggi dayo gi bawoo ci askan wi ci nu taxawal ay jikkoy njiit ngir gis ne am nañu nguur gu jub (lii doon mbir muy feeñ ci defarini Sartay doxalinu sartay réew ci jamano ji nu tollu). Lii nak ëmba na waréefi doomu-réewyaa, doxalin ak yakkaar gi ñu séentu ci ndawi nguur gi ganaaw bañu waatee, tuux ak déggu ci ni ndawi réew mi di depaasee koppari réew mi, yemale jëfi ndawi nguur gi ak wartéefi nit niy jëflanteek ndawi nguur gi ci biir liggéeyi nguur gi.

5.2: Xaaj bii wone na itam ne ku toppul yile téralin, yaa ngiy xëtta Sartary doxalinu réew mi te mën nañu laa teg ndaan mbaa ñu dàqa la ca sa liggéey.

XAAJ 6EEL BI : <u>ÀQI JUDDUWAALE AK YELLEEFI DOOM AADAMA AK SAÑ-SAÑAM</u>

6.1: Aar àqi judduwaale ak yelleefi doom aadama ak ay sañ-sañam doon na mandarga gu fës ci demokaraasi bu mu mën a doon. Ci xaay

bii dalee ko ci limi pàkka bi dalee 30 be 79 ñu nga fa téral ay doxalin ci mbiru àqi judduwaale ak yelleefi doom aadama ak ay sañ-sañam bóole ca ay mëtuwaay yu jara bàyyi xel (ñu ngi leen lim ci suuf). Xaaj bii téral na ngir ñu doolel cëri nit ñi ak yu polotik yi, bokka ci di yu koom gi, yu askan wi ak yu cosaan. Yii nak, danu ko séddale naaar.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: MËTUWAAY YI NU JÉL NGIR AAR ÀQI JUDDUWAALE AK YELLEEFI DOOM AADAMA.

6.2: Fànna bii dafa téral jubluwaayi àqi doom aadama, taxawal ak doxalini yile áqa di yu ñu degeral ci xaaj bi boole ca doole áttekaay yi buñoo jëf ci mbiri àqa yi ak fi àqa yóoyu mën a em. Uutéek Sartay Doxalin Réew mi ñu bindoon ci atum 1997, xaaj bii yokka na mëtuwaay bu bees buy waral nguur gi ci anam wu baax mu fullal te fonka àqa yi ni ñu ko téralée ci Sartay doxalinu réew mi.

FÀNNA 2EEI BI: ÀQA YI AK SAÑ-SAÑ YU FËS YI

6.3: Fànna bii téral na ay àqa ak sañ-sañ yu fës yi te ëmbaale àqi nit ñi ci seen dundin ak seen polotik, ci koom-koom gi, askan wi ak aadaak cosaan ak àqa ci mbooloo. Rawatina àqi nit ñi ci koom-koom gi, seen askan bi ak ci seen cosaan te ñu téral leen ci Sartay Doxalinu Réew mi ñu bindoon ca atum 1997 ngir mëna jubbanti doxalinu Nguur gi, boole nañu leen léegi ci sunu luwaa yi.

6.4: Boole nañu am cëru jot ci xibaar yi. Ngir bañ a jél xaaj bi ci Sartay Doxalinu Réew mi, nu bindoon ca àtum 1997 ci wállu tas xibaar, bii wàlla wii def na ay àqak yelleef yo méngook mbiri tas xibaar ak ay sañ-sañam yu ñu mën a doxal mu doon àqi judduwaale.

6.5: Àqa ak yelleefi ndaw yi, mag ñi, ñi seen cër waññeeku ak ñi feebar, àqi am kaaraange ci yi ñoo jëfandekoo ak àqi liggéeykat yi itam ñungi leena soga boole ci sartay doxalin bi. Ànda ca itam di àqi am cet ci li ñu wór ak àqi ci am yokkute ñu ngi leen sog a amal mu doon

njélbéeni yoon ci xaaj bii. Yii yéppa ñungi leena doora boole ci sunu luwaa yi.

6.6: Ci mbiru doxal àqa ci koom-koom gi, ci askan wi ak ci aadak cosaan, ci biir xaaj bii nungiy doora sas Nguur gi mu wone, foo xam ne wax na ne amul ay alal gi, te def na mboolem ité ngir saytu yile àqa, di bàyyi xel itam ci yiy xew ci jamono ji.

6.7: Yokka nañu itam, kaddu gu ómba léppa ci yemale àqii doom Aadama. Fànna bii gén naa téral ay luwaa ci ay àqa yu kenna mënula nangu mbaa ñakka koo fullal, donte sax muy ci jamono ju jàmpa ci nguur gi, te itam, boole nañu ci ay luwaa yu tàkku ndax mën a doxal mëtuwaay yi nu jél ci wállu àqi doom Aadama ni ñu ko téralée ci Sartay Doxalinu Réew mi.

XAAJ 7EEL BI: SÀMMAKATI BAATI ASKAN WI

7.1: Xaaj bii mungi ëmba pacca yi lim bi dalee 72 be 82 te téral ci ñetti fànna, muy Mbindu mi ak Sànni Karta, taxawal kurél giy toppatoo mbiru Sànni Karta yi ak mbootaayi polotig yi. Wone nañu fa itam ni ñoo doxalee sànni karta yi, ñaata nit ñooy nekka ci kurél gi, ak seeni màqaama ak liy tax nu dileen génnée ci bile kurél, ak warugari mbootaayi polotig yi ak li ñu leen tere.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: MBINDU MI AK SÀNNI KARTA

7.2: Fànna bii dafaa wone ay doxalin yu bees ni ñéppa war a sànnee karta, di dégéral àqi këppa ku bëgga bindu ak sànni karta, teyit téral na ay mëtuwaay ngir ñéppa ci mbir mii.

FÀNNA 2EEL BI: KUREL GIY TOPPATOO MBIRU SÀNNI KARTA YI TE DI SAYTUWAALE DIGGALO YI (IBEC)

7.3: Ci biir fànna bii, taxawal nañu kurél giy toppatoo mbiru sànni karta yi te di saytuwaale diggalo yi, boole ca ni ñuy tánnee na fay liggéey ak seeni liggéey. Li waral nu wécci turi kurél gi moo di ngir

Sartay doxalinu Réew mi dafa leen doole ñu rédda diggalo yi di xaajaale dékka yi bokka goxi sànni karta.

FÀNNA 3EEL BI: MBOOTAAYI POLOTIG YI

7.4: Fànna bii dafa jëf ci mbiri mbootaayi polotig yi. Fànna wii ci anam wu uutéek ni ko Sartay doxalinu réew mi àtum1997 téralee, bii moom sas na mbootaayi polotig yi ñu fonka cëri nit ñi ñép ngir ñu mëna bokka ci doxalini mbiri polotig yi, muy jigéen ñi, ndaw yi, ñi seen cër waññeeku ak ñu néew ñi ci askan wi. Mbootaayi polotig bu nekka war naa gis ne, lumu tuuti-tuuti, fukka ci téeméer bu nékka war nañoo doon ay ndaw.

7.5: Yokka nañu ci itam ne, bu benna mbootaayu polotig sosu ci kow diiné, làkka, mbaa xeet wala góor rekka mbaa jigéen rekka mbaa benna diwaan bi rekka; Tere na itam mboolem mbootaayu polotig buy ñaxtu ci mbañeel ci anam wumu mën a doon. Tere na itam mbootaayi polotig yi di yee fitna gume mën a doon jémalé ko ci nit kumu mëna doon, ndax dañoo kujé wala deet.

XAAJ 8EEL BI: ÑI ÑU RÀNGA DOOLE DOXAL RÉEW MI

8.1: Xaaj bii Njangaat dafa teg ay mëtuwaay ci ñi ñu ránga doole doxal réew mi ci pàkka yi lim bi dalee 83 be 131. Mu doon ci 5 fànna.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: DOXALIN YIY AWALE YOON ÑI ÑU RÀNGA DOOLE DOXAL RÉEW MI

8.2: Fànna bii wone na ne doole gi ñu ránga ñiy doxal réew mi mungi fàxxeekoo ci waa réewu Gambiya-mu di nit ñi, te bii doole jox nañu ko Njiiti réew mi ndax mu mën cee sukkandiku ñi ñu ko bindée ci Sartay doxalinu réew mi.

8.3: Teral na itam ne, ñi ñu rànga doole doxal réew mi bokka na ca di ki ñu toftal ci moom, ak ñi bokka ci Péncum Ndéy mi te borom ndombo tànka yii yéppa war nañuleena tànnee ci xeet yeek diiné yi fi nekka yéppa, muy góor,muy jigéen.

FÀNNA 2EEL BI: LIGÉÉYUKAAYU NJIITU RÉEW MI, DOOLEM AK WARUGALAM YI

8.4: Fànna bii taxawal na liggéeyukaayu Peresideni réew mi. Peresiden bi moo doon njiiti réew mi ak nguur gi te moo jiité ñi ame kaaraange réewi Gambiya.

8.5: Fànna bii yokka na itam ne, Njiiti réew mi sas nañu ko mu toppa li luwaa bi wax saa yu nékka, mu aar réewu Gambiya mi moom baatam, mu doxal, jémloo kanam te yokka bennoo bi digganté doomi réewu Gambiya yi, boole ca fonka te itteel waa Gambiya ci seen uuté ak seen melokaan.

8.6: Doole Njiiti Réew mi faramfacci nañu leen bu baax te war na di waxtaan ak Néegi Dipité yi ci mbri soxlay réew, bu dee sax benna yoon ci at mi.

8.7: Ndogal yii ak ndigal yi bawoo ci Njiiti réew mi war nañuleen a binda. Lii nak doon na mëtuwaay bu bees te war naa àndak mandarga ak siñaatiiri njiiti réew mi te koo xam ne toppul yii téralin be mu tax mu jur nàkka mbaa gaañu ci réew mi, luwaa dina ko teg loxo.

8.8: Bu fekkee ne ñungee lijjanti jàmmu yaram mbaa jàmmu xelu Njiiti réew mi, moom Njiiti réew mi dina joxeegum màqaamaam be booba lijjanti sotti, te bu lile amee, ki ñu toftal ci moom moo di doxal nguur gi. Lii nak, mëtuwaay bu bees la.

8.9: Bu fekkee ne ki ñu toftal ci Njiiti réew mi mënula doxal liggéeyu Njiiti réew mi ka toog ca boppu siis bi ci Néegi Dipité yi moo di doxal nguur gi.

FÀNNA 3EEL BI: TÀNNAM NJIITU RÉEW MI

8.10: Fànna bii téral na ne tànnam Njiiti réew bu néppa am cër ci réew mi war nañu koo def ñetti bés yu aay balaa màndaa Njiitu réew mi di jeex.

8.11: Leeral na màqaama yi Njiiti Réew mii war a am ak li koo mëna ñakkaloo doon Njiiti Réew mi. Ni ñoo war a bindoo ngir bëgga doon Njiiti Réew téral nañu ko fa itam te képpa kuy bindu war ngaa mëtal léppa limu laaj te toppa yoon yi ni ñu ko téralee ci fànna bii.

8.12: Fànna bii téral na it ne ganaaw buñu sànnee karta ngir tànna Njiiti Réew mi am na ci ku am lu weesu genna wálli karta yi ñu sànni yéppa, na Kurél Giy Toppatoo Mbiru Sànni Karta yi te di saytuwaale Diggaloo yi nañu ko tànna mu doon Njiiti Réew mi. Bu fekkee nak ne ci bu njékka bi amuñu kenna ku ñu tànna, kurél gi ci diiri fukki fan ak ñennent dina jél ñaar ñi óppale karta ñu dellu sànnil leen. Bii doxalin uutée na ak anami raw-gàddu ga ñu ko téraleewoon ca Sartay doxalinu réew mi àtum 1997.

8.13: Ci biir juróom-ñaar fukki waxtu ak ñaar dalee ko ba ñu sànnee karta be noppi, Kurél Giy Toppatoo Mbiru Sànni Karta yi te di saytuwaale Diggaloo yi war naa yéglé ni sànni karta bi mujjée ak ki gàññe, teg ci itam ñu binda njiiti àttekat yi xamal ko ni mbir yi demee. Lii bokka na ci mëtuwaay yu bees yi.

8.14: Bu fekkee ne ki ñu wara fal mu doon Njiiti réew ñàkka na bàkkanam bala ñu koo fal, te fekka ki wara toog ci boppi siis ba ca Néegi Dipité jélaguñu ko ngir mu toog ca siis ba, dinañu fal Njiiti Àttékat yi mu nekkagum Njiiti réew mi be ba ñoo tànna ki wara toog ci boopu siis bi ci Néegi Dipité ya. Nóonu, Kurél giy toppatoo mbiri sànni karta yi te di saytuwaale diggaloo yi ci biir juróom-ñennent fukki fan dina fexe ñu wootewaat ngir mëna tànna beneen Njiiti Réew. Doxalin bii itam ab mëtuwaay bu bees la.

8.15: Fànna bii dafa téral ne, Njiiti réew mi ñu soga tànna, dinañu ko fal bés bi toppa njeexte mandaa Njiiti réew bi muy uutu. Nóonu, bi ñu koo fal, Njiit Àttekat yi dina waatloo Njiiti reew mi ci kanami néppa, waaye bu fekkee ne moom Njiit Àttekat yi dafa am gàllankoor, ki jittu ci àttekaay ba géna màgga ci réew mi mooy doxal bii waréef. Yii yéppa ay mëtuwaay yu bees lañu.

8.16: Mbootaayi polotig wala koo xam ne moo taxawal boppam te binduwoon te bokkoon ci sànni karta Njiiti réew mi mën naa binda àttekaay bi géna màgga ci réew di firndéel ne doxalini sànni karta bi jaarul yoon. Su fekkee ne déggal nañu ne jaarul yoon, Kurél giy toppatoo mbiri sànni karta yi te di saytuwaale diggaloo yi dina fexe ñu taxawal sànni karta bu bees ci biir diiri ñennent-fukki fan ya ca toppa.

FÀNNA 4EEL BI: TÉRALIN AK DOXALIN YI ÑU TEG KI JIITÉ RÉEW MI

8.17: Fànna bii mungi tambalee pacca bi lim bi tambalee 100 be107 mu téral ne mandaa Njiiti Réew mi diiri juróomi at la em, te ténka na ku mu mën a doon ku toog ci boppi réew mi lu weesu ñaari mandaa di juróomi at mandaa bu nékka, ndax yu toppalante lañu wala déet. Lii mëtuwaay bu bees la ngir bañ kenna ku toog ci boppi réew mi siisu fa.

8.18: Ci digganté ñetti weer ganaaw bu ñu ko falee, Njiiti réew mi war naa wone ci Kurel giy xeex mbiri Nger léppa lu aju ci moom, muy li ko itteel ci wàllu njaayanteek-njéndante mi ak béppa alalam. Cii biir ñetti weer ganaaw ba mu jeexalee nguuram itam Njiiti réew mi war naa dellu wone ci kurél gi léppa lu aju ci moom ci wàllu njaayanteek-njéndaante ak béppa alalam. Jabari Njiiti réew mi moom itam teg nañu ko yile sas.

8.19: Fànna bii tere na Njiiti Réew mi am beneen liggéey ci nguur gi mbaa beneen bu bokkul ci nguur gi mbaa mu taxawal mbootaay bumu mëna doon wala di taxawal mbootaayu ndimbal.

8.20: Fànna bii téral na itam ne, ndeem mungi toog ci boppi nguur gi, Njiitu réew luwaa teggi nako ndaan, kenna duko àtte ci néegu luwaa

ngir ay tafaar yu mu def. Waaye lii jamano ji mu jiitée réew mi rek la. Teggi ndaan gii bokkul ci ay jéyya yu mu def ci luwaa yu ñu téral, yu mu teggi wala sarta yu mu jéggi jamano ji moo jiité nguur gi. Ñaari téralin yii yéppa yu bees lañu.

8.21: Fànna bii téral na ne bu fekkee ne amuñu Njiiti réew ngir lu mu mëna doon, ki ñu toftal ci moom, wala mu fekka ne kóoku nekku fa, ki toog ci boppu siis bi ci Néegi Dipité moo koo uutu. Waay bu fekkee ne ki toog ci boppi siis bi ci Néegi Dipité yi moom itam nekku fi, Njiiti àttekat yi mooy doxalogum réew mi.

8:22: Téral nanu itam mëtuwaay bi nu wara toppa bu fekke ne Njiiti réew mi dafa téle be tax mënula def liggéeyam, moo xam ci wàlli xel la wala ci yaramam. Téral nañu fa it yoon wi ñu wara toppa bu fekkee ne dañu wara wàccee Njiiti réew mi ngir jéyya ju mu teg réew. Yi tax ñuy koo teg ndaan wii ñoo di def lu méngoowul ak li njiitéefam laaj, ñàkka toppa lamu waatoon bañu koo fal, xétta Sartay Doxalin Réew mi, sewloo boppam ak teg ay gallankoor ci doxalini àtteekay yi.

FÀNNA 5EEL BI: LIGGÉEYUKAAYI ÑI ÑU RÀNGA DOOLE DOXAL RÉEW MI.

8.23: Ganaaw taxawal liggéeyukaayi Njiiti réew mi, xaaj bii taxawal na yeneen liggéeyukaay yu fës ci ñi ñu ránga doole doxal réew mi. Dañu gis ne yii yu am solo lañu ngir doxalini ñi ñu ránga doole doxal réew mi jaar ci anam wu aw yoon te mëtal mëbët yi. Liggéey yii lañu lim ci suuf:

1: KI ÑU TOFAL CI NJIITU RÉEW MI AK JÉWRIN YI

8.24: Wàlla wu bokka ci fànna bii taxawal na liggéeyukaayu ki toppa ci Njiitu réew mi te ki ñu war a jaglel liggéey bii Njiitu réew mi war na koo tànna ci biir ñetta-fukki fan ganaaw bu Njiiti réew mi tambalee liggéeyam.

8.25: Néegi Dipité yi ñoo di wéral tànna googu ñu door koo raanga mu doon tofu ci Njiiti réew mi. Moo di téral ni màqaama ki tofu ci njiiti réew mi war a tollu, liy tax ñu mën ko faa génnée, liggéey ya ñu ko sas ak bu

fa kenna toogul. Fi ñu jaglel tofu Njiiti réew mi liy waral mu ñakka ku fa toog moodi su fekkee ne ka fa toogoon dafa faatu wala mu bàyyi liggéey ba, wala ñu génnée ko ca liggéey ba, wala bu fekkee ne boroom def nañu ko Njiiti réew mi.

8.26: Tànnum Jéwrin yi, boole ca tànnéef bi ci néegi àttekaay biy teewal réew mi ak di digal guur gi ci léppa lu aju ci mbiri luwaa téral nañu ko ci beneen wàlli xaaj bii. Ci beneen wàlli xaaj bi, téeral nañu fa itam màqaama yeek yiy tax ñu wàccee ñooñu fañuleen teg. Leeral nañu fa itam mbir yiy tax mu ñàkka am ku fa toog.

8.27: Ki ñu tofal ci Njiiti réew mi ak Jéwrin yi lañu sas ñu jiité màkkaani jéwrin yeek bunti liggéeyukaay buleen Njiiti réew mi mën a dénka.

8.28: Ki ñu tofal ci Njiiti réew mi ak Jéwrin yi war nañoo wone béppa alal bu ñu moom, seeni ité yu aju ci mbiri njaayanteeg-njéndante ci biir ñetti weer biñu duggée ci liggéey bi ak ci biir ñetti wer dalee ko bañu génnée ci liggéey bi.

8.29: Ki ñu tofal ci Njiiti réew mi ak jéwrin jumu mëna doon tere nañu ko mu am beneen liggéey ci nguur gi wala bu bokkul ci nguur gi feek mungi yore bii màqaama, mbaa muy jëfandekoo toogu nguur gi ngir am alal wala taxawal mbaa siiwal mbaa bokka wala di jémale kanam lu aju ci taxawal ab mbootaayu ndimbal mbaa liggéeykaay. Yii doon na yuñu yokka ci Sartay Doxalinu Réew mi ñu bindoon ca àtum 1997.

8.30: Ki ñu tofal Njiiti réew mi ak jéwrin yi war nañoo uyuji ca Néegi Dipité yi saa yu ñu leen fa soxlee. Ci kow doole gu leen Sartay Réew mi may, Néegi Dipité yi su ca ñaari xaaj ci ñetti xaaji tànnéef yi àndee, mën nañoo taxawal seen ñàkka doyloo ki ñu tofal ci Njiiti réew mi wala ab Jéwrin.

(ii) PÉNCUM NDÉY MI

8.31: Wálla wu bokka ci xaaj bii taxawal na Pencum Ndéy mi te gén naa téral ña fa wara bokka ak seeni liggéey. Ci Sartay doxalini réew mi, téral nanu fa itam amal bérébu liggéeyukaay kiy saytu wàlli mbinda mi ci Pencum Ndey mi.

8.32: Téral nañu fa itam ne Réewi Gambiya du bokka ci benna nangutoo bu koo ñàkkaloo baatu Reew mi. Yokka nanu fa ne, béppa nangutoo bu Njiiti réew mi mandargaal, tànneef ya ca Néegi Dipité ya ñoo koo wéral bala moo taxaw.

8.33: Kurél yu ndaw yi yore mbiri mbaal ñi yoon daan ak kurél giy firndéel nuñu nawloo ak di joxe ay Lijaasa amal nañu ko fa, te ña ca wara bokka yéppa leeral nañu ko fa.

(iii) YENEEN NDAWI NGUUR GI

8.34: Wàlla wu bokka ci xaaj bii taxawal na liggéeyukaayi njiit miy jiité liggéeykat yi ci Njiiti réew ak ay warugaram. Lii lu bees la. Ndawi réew mi jiité mbiri tuuma gi ak àtte gi taxawal nanu ko. Kii nak nekkul ci ron Jéwrin ji ñu dénka mbiru àtte gi. Lii itam lu bees la.

XAAJ 9EEL BI: ÑI DI TAXAWAL LUWAA TE DI SAYTU SARTAY DOXALINU RÉEW MI

9.1: Juróom-ñenenteeli xaaj bii nak dañu ko séddalé ci juróom-ñetti cër yuy jëf ci mbiri ñiy taxawal ay luwaa di saytu Sartay Doxalinu réew mi, doon bànqaasi réew miy taxawal luwaa yi, di seetu liggéeyi ñi Ñu Ránga Doole Doxal Réew mi ak di ànda ci ni ñu wara depaasee Koppari nguur gi, bokka ak yeneen liggéey. Doxalin yi seeni liggéey lalu ak ñi ci bokka am nañu solo lool ci ni nuy defee seen liggéey na mu waree.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: YOON YI LAL DOXALINI NÉEGU DIPITÉ YI

9.2: Fànna bii dafa téral yoon yi lal doxalini néegu dipité yi ak yi nekka digganté tànnéef yi ci néegi dipité yi ak doomi réew mi. Ngir mëna saxal doxalin wu ñéppa am baat ci réew mu, doomi réew mi ak

Néegi Dipite yi war nañoo mëna teg ñi ñu rànga doole doxal réew mi sas bi be gis ne am nañu njiit yu baax yuy boole réew mi, dégéral bennoo bi ak jàmma ji. Fànna bii bu bees la bu nu yaakaar ne lu am solo la ci doxalini réew muy aw ci yooni demokaraasi. Dafaa gén a yokka taxawaayi Néegi Dipité yi ci waa réewi Gambiya yi.

FÀNNA 2EEL BI: TAXAWALU NÉEGI DIPITÉ YI AK ÑA FA WAR A BOKKA

9.3: Ci fànna bii, Kurél Giy Saytu wàllu Njàngat Sartay Doxalini Réew mi (CRC), bi moo biral ay kàddoom ak di diisoo ak doomi réew mi, raññee na be jél xelaat yi nit ñi di ñaxtu ci coona ndaw yi, yu jigéen ñi ak ñi seeni cër wàññeeku ak ni ñu leen war di ñaaxee ngir ñu bokka bu baax ci mbiri polotigi. Xelaat bi génoon a am doole te doon lunu mënula dégga fàŋŋa moo di téral ay mëtuwaay yuy tax ñóoñu am ñuleen teewal bu baax ci Néegi Dipité yi. Loolu moo tax nu def ni ñu téralee nii ñi war a bokka ci Néegi Dipité yi, boole ci lim bu tàkku ci ay jigéen ak ñi seen cër waññeeku, booleek ñi gañe ci sànni karti benna-benna gox yi.

9.4: Fànna bii téral na ne Néegi Dipité yi bànqaasi réew mi la te ngir loolu, moo di téral màqaama niy mëna doon Dipité ak liy tax be dunu ko mëna doon, ni ñu leen di falee te di doolel nit ñi leen sànniloon karta, ñu mën leena génnée mbaa dàqaluleen ci Néegi Dipité yi ndeem ñoo ko fa tegoon.

FÀNNA 3EEL BI: NJIIT YI CI NÉEGI DIPITÉ YI

9.5: Fànna bii taxawal na ay njiit ci Néegi Dipité yi, ni ñu toppalantee, seeni wareef, seen liggéey ak seen pey. Lii lu am solo la ndax ñu mëna def seen liggéey ni mu waree ci Néegi Dipité yi. Yii njiit ñoo di Kiy toog ca boppu Siis ba, ka ñu tofal ca moom, ka jiité ña óppa ci Néegi Dipité yi ak ka jiité ñu néew ñi ci Néegi Dipité yi. Fànna bii téral na itam ni ñu leen di falee.

9.6: Fànna bii téral na ay mëtuwaay yu bees di wone ne Dipite yi dootuñu fal ka toog ca Boppu Siis ba ca Néegi Dipité ya, te ki ñu tofal ci

moon dinañu ko tànnee ci seen biir. Noonu itam, ka jiité ña óppa ca Néegi Dipité ya ak ka jiitu ca ña néew fal nañuleen bu baax ci ni ko Sartay Doxalini Réew mi téralée, téral nañu ci itam anam wi ñuleen di falee.

FÀNNA 4EEL BI: NDAJE YEEK JOTAAY YI CI NÉEGI DIPITÉ YI

9.7: Néegi Dipité yi dafa war di am ay jotaayi ndaje te war na ñoo am mbooloo mi war bala moomën a am. Wareefu ñëppa la ñu teew ngir ñu mëna waxtaanee mëbëti gox yi leen sànnil karta.

9.8: Fànna bii téral na ne, kiy saytu wàlli mbinda mi bi ci Néegi Dipité yi war naa yégle njélbéenu jotaay ci Néegi Dipité yi ganaaw ba nu sànnee karta be noppi, te lii mungi ko war a binda ci kéyit giy siiwal yéebaane nguur gi. Dipité yi nak ñoo war a téral bés yi ñoo amal yeneen jotaay waay bu ko neexee, Njiiti Réew mi mën naa sànta ka toog ca Boppi Siis ba ca Néegi Dipité yi mu woo Dipité yi ndax ñu am jotaay bu xare naree am mbaa ci jamono ju am ay yéngu-yéngu ci réew mi te mën a jur fitna.

FÀNNA 5EEL BI: CËRI TÉRAL AY LUWAA RÉEW MI AK YENEEN DOOLE NÉEGI DIPITÉ YI

9.9: Fànna bii téral na ay mëtuwaay yuy tax Néegi Dipité yi mën a taxawal ay luwaa. Téral na fi kéyiti seede luwaa yi war a jaar be ba ñu leen di taxawal. Lii nak téralin bu am solo la ci yoon yu tàkku yi Néegi Dipité yi war a toppa.

9.10: Ci benna fànna bii tere nañu fa Néegi Dipité yi ñu téral luwaa buy def réew mi réewum benna mbootaayu polotig rekka, wala def ko réewu benna diiné rekka wala wecci dogali benna néegi àtteekaay wala nangu àqi judduwaale mba bu ñu joxoon borom ganaaw bamu bindoo be noppi.

FÀNNA 6EEL BI: DOXALIN BI CI NÉEGU DIPITÉ YI

9.11: Fànna bii téral na yoon yi ñu war a jaar su Néegi Dipité yi di am jotaay. Boole nañu fa itam làkka bi ñu war a jëfandekoo ci Néegi Dipité yi boole ko ak yombal jëfandu sunu làkki réew yi. Fànna bii téral na itam ni ñoo jélee ay dogal te leeral na ñaata dipité noo war a teew ci jotaay bu nekka.

9.12: Fànna bii téral na itam cër yi nit ñi am ngir mën a sàkku taxawaayi Néegi Dipité yi ci mbir mumu mën a doon te bokka ci yi Néegi Dipité yi yore dogal gi, bokka ci waay yemalewuñu ko fa, di laaj ñu taxawal, wecci, seetaat, wala dajji mbaa bañ luwaa wala waxtaan soxla su ittéel askan wi, booleek yeneeni mbir.

FÀNNA 7EEL BI: KURÉL GIY SAYTU LIGGÉEYKATI NÉEGI DIPITÉ YI

9.13: Fànna bii taxawal na liggéey yi ñoo def ci biir Néegi Dipité yi ak Kurél Giy Saytu Yooyu Liggéeykat ndax yombal liggéeyi Néegi Dipité yi.

FÀNNA 8EEL BI: WARUGAL YEEK CËRALE YEEK ÑI LUWAA TEGGI NDAAN

9.14: Bu nuy def seen liggéey, dipité yi war nañoo bayyi xel ci doole nit ña leen fa teg, rawatina def seen liggéey ngir ittéel réew mi na mu géna baaxee. Fànna bii fonka na te téral na ay mëtuwaay yuy tax be kenna du mëna dàqa mbaa yóbbu ci kanamu luwaa mboolem dipité ngir lu mu wax ci jotaayu Néegi Dipité yi te cërale na itam mboolem ku ñu woo mu seede ci Néegi Dipité yi.

XAAJ 10- BUNTI NGUUR GIY SAYTU WÀLLI ÀTTE

10.1: Xaaj bi danu ko séddale ci juróom-benni fànna daldi jëf ci mbiri banqaasi nguur giy saytu wàlli àtte, nu amal ci mbir yu méngóok doxalini àtte. Xaaj bii ci wone ay téralini yooni àtte yu am solo la tambalee.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: TÉRALIN YI ÓMBA SAYTUG DOXALINI ÀTTE

10.2: Fànna bii dafa téral yoon yi ómba saytug doxalani àtte. Dafaa jublu ci jémale kanam dogali luwaa te gis ne doxal nanu ko ni mu waree dunu seet dayo ken wala am-am. Dafaa tax it ñu mën a amal ndampaay yu ñu jox ñi ñu néewal doole. Dafaa tax te gén a yokka bunti àtteekay bi moom bompam. Bérébi àttekaay yi lanu jaglel ñuy dogal mbiri àtte, di lu kenna mënul a dindi. Lii fànna wu bees la.

FÀNNA 2EEL BI: BUNTI LIGÉEYUKAAYI KI JIITÉ LÉPPA LU AJU CI WÀLLI ÀTTE AK BÀNQAASI DOXALINI ÀTTE YI.

10.3: Fànna bii dafa taxawal bunti liggéeyukaayi ki jiité léppa lu aju ci wàlli luwaa. Dafaa jëf it ci ni xelaati doomi réewi Gambiya yi jéggee dayo ci ne kiy jiité léppa lu aju ci wàlli àtte doomi réew mi la war a doon. Téral na it bérébi àtteekaay yu uutée yi ci réewi Gambiya.

FÀNNA 3EEL BI- ÀTTEEKAAY YU MAG YI AK BÉRÉB YI ÑOO DOGAL

10.4: Fànna bii dafa taxawal àtteekaay yu mag yi, téral benna bu nekka fi dogalam tambalee ak fi mu em ak ñafa war a nekka. Dafa def mu doon njélbéeni yoon ngir ñu taxawal àtteekaayi sharia'h bu mag bi, ngir ñu dégga niy sàkku ñu seetaat àtte yi ñu dógaloon be noppi ca àtteekaayi sharia'h ba (di tur bi ñu wécci te xameewoon ko àtteekaayi kaadi bi). Lii dafa doon soppali téralin yu ñu amal ci taxawaaayi àtteekaay kaadi yi ñu am léegi ngir amal nit ñi àtteekaayi yooyu dogaloon seen àtte ñu am cëri sàkku ñu seetaat àtte ya ñu dogaloon. Ci anam wóowu, kon, fànna bi amal na ñu mën a jélee yi ñu sàkku ci àtteekaayi sharia'h bu mag bi yóbbu ko ca àtteekaay ba dee saytu mbir móomu ñu daldi ko jémale ca àtteekaay ba gén a mag. Lii lu bees la.

10.5: Téral nanu mu doon njélbéeni yoon di jaglel àtteekaay yi ñoo sàkkoo ñu seetaat àtte yi ñu dogaloon béréb yu bees yi seen dogal em mu aju ci ndax wala déet ni ñu tànnee nit ki ci sànni karti nguur yu ndaw yi aw na yoon

FÀNNA 4EEL BI: ÀTTEKAT YI

10.6: Fànna bii mu ngi aju ci jél liggéey ay àttekat, maaxamma bi ñu war a am, diir bi ñu war a toog ci liggéey bi, seen pey ak ak seen yelleef ganaaw banu mëtalée seen diiri liggéey.

FÀNNA 5EEL BI: DOXALINI BÉRÉBI ÀTTEEKAAY YI

10.7: Ci fànna bii, taxawal nanu bérébi liggéeyukaayi kiy saytu mbinda mi ci walli àtte (mu tollook bérébi liggéeyukaayi njiit la ca makkaani jéwrin yi) amal it bunta biy saytu wàlli dogal àtte yu jém ci mbiri doxalini liggéey ba ak mbiri xaalis ba koo doxal.

FÀNNA 6EEL BI: KURÉL BI NU DÉNKA AY JAMBUR YUY SAYTU MBIRILIGGÉEYKAT YI CI WÀLLI ÀTTE

10.8: Ci fànna wii, mbiri jél ay liggéeykat ci bunta bii dalee ca àttekat ya ak béppa liggéeykat ci wàlla wii regle nanu ko. Taxawal nanu kurél bi ñu dénka ay jambur yuy saytu mbiri liggéeykat yi ci wàlli àtte ngir ñu saytu mbiri jél ay liggéeykat ak léppa lu aju ci mbiri liggéeykat yi ak di dimbalé ci béppa doxalini bunti liggéeyukaay biy saytu wàlli àtte.

XAAJ 11: NGUUR YU NDAW YI AK TOXAL DOOLE DOGAL JÉLÉE KO CI TEERU BI JAGLEL KO NGUUR YU NDAW YI

11.1: Xaaj bii dafa raññee ni nguur yu ndaw yi amee solo ak ni doolel leen awee yoon ci yokkute réewi Gambiya ci beppa anam. Dafaa tax nit ñi ci dékki kaw gi gén a bokka di jëf be tax ñuy bokka di jëf ci yi ñoo saytu ci walli yókkute ci seen dékki-dékkaan yi. Dafaa laaj it ñu gén a doolel njiiti nguur yu ndaw yi ngir ñu mën a doxal seen liggéey ni mu waree.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: YOONAL YI AJU CI NGUUR GU NDAW GUY SAYTU MBIRI DOGAL DOXALINAM GANAAW BUÑU KOKO KOO JÉBBALEE

11.2: Fànna wii dafa aju ci doxalini nguur yu ndaw yi ak ni ñu leen di doolelee. Dafa téral yi war ci toxal doole dogal gi ci nguur yu ndaw yi di yu nguur gi ak njiiti nguur yu ndaw yi war a bayyi xel te téral anam yi nguur yu ndaw yi di doxee.

FÀNNA 2EEL BI: TAXAWAL NGUUR YU NDAW YI AK ÑIY BOKKA CI ÑI JIITÉ

11.3: Ci fànna bii, taxawal nanu ñiy dogal mbiri nguur yu ndaw yi, ñu wone seen doole ak liggéey bi ñu leen sas ngir gén a wéral seen taxawaayi boppa ak moom seen boppa bañ a toppa ndigal wala kilifteefi ken bu ñoo def seen liggéey. Nit ñi bokka di jëf ci mbiri polotigi waa kow gi ak yokkute ci seen dékki-dékkaan yi ak it yaxanal yi ñu fekka baax, wàlla wi ñu wór ak aadaak cosaan yi ci bérébi nguur gu ndaw gu nekka, doon na jubluwaay bu fës ci fànna bii.

FÀNNA 3EEL BI: SÀNNI KARTA AK NI MBIR YI WAR A TÉDDÉE CI JÉL LIGGÉEY NJIITI NGUUR YU NDAW YI.

11.4: Fànna bii dafa téral ñu sànni karta ngir tànna njiiti nguur yu ndaw yi ak diir bi ñu war saytu béréb boobu. Def nanu it nu njiiti nguur yu ndaw yi di mën a dogalal seen boppa seen doxalini àllal ak di mën a wone nañu ko doxalee ci yoon.

FÀNNA 4EEL BI: YENEEN BUNTI LIGGÉEYKAAYI NJIITI NGUUR YU NDAW YI (SEEF YEEK ALKAALI YI)

11.5: Ci Fànna bii, bérébi liggeéyukaayi Seef yeek Alkaali yi raññee nanu seen njiitéef mu aju ci ni ko aadaak cosaan téralée. Téral nanu ñu tànna Alkaali ci ni ko aadaak cosaan téralée, ak di sànnil karta Seef yi waay du doon mbiri parti polotig. Lii nu ngi ko wéer ci xelaat yi askan wi joxe ak kéyit yi ñu jot ci waxtaan wi nu amoon ak askan wi. Diir bi ñoo war a jiité, ni seen maaxamma war a tollu ak liy tax nuy war a wàccee ñaar ñii ci seen nguur binda nañu ko ci fànna wii. Ganaaw buñu toogee

ci njiitéef lii Seef yeek Alkaali yi dañu faa nekka seen giiri dunda, xanaa bu fa ken nekkul mu aju ci ni mu téddée ci sartay doxalini réew.

11.6: Raññee nañu ne ci aada, warugali Seef yeek Alkaali yi moodi amal jàmma ci seen gox yi te ngir lóolu, danu leen tere ñu bokka di jëf ci mbiri parti polotig diir bi ñoo saytu liggéey ba ca fa ñu toog.

XAAJ 12EEL BI: BAÑQAASI LIGÉEYUKAAY YIY SAYTU SEEN DOGALI BOPPA.

12.1: Xaaj bii di li ómba juróom-ñaari fànna, dafa doon lu bees te raññee na te it sooraale na yenna bérébi liggéeyukaay yu am solo ci doxalini liggéeyi nguur gi ak yokkute koom-koomi réewi Gambiya. Lii waral ñuy tabax liggéeyukaay yu am doole ngir demokaraasi gu am muj. Dafaa fexe ngir gis ne jambur yiy doxal liggéeyukaay yii am nanu seen boppa ak kaaraange diir be ñoo def seen liggéey. Lii dina tax mbir yi dox nimu waree tax it nguur gi du dugga ci seeni doxalin. Kuréli réew mi ñu tànna ay jambur ñuy saytu wàlli àqa ak yelleefi doom aadama ak biy dox ci fànqa mbiri ger amal nanuleen cër ci sartay doxalini réew mi, mu doon njélbéeni yoon bu ñu ko amalee.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: TAXAWAL BANQAASI LIGGÉEYUKAAY YIY SAYTU SEEN DOGALI BOPPA AK BÉRÉBI LIGGÉEYUKAAY YI.

12.2: Ci fànna wii taxawal nanu banqaasi liggéeyukaay yiy saytu seen dogali boppa , li waral seen taxawaay, li koo depaas, alal ga caa dugga ak seen warugal ci di xamle ni liggéey ba di doxee danu ko téral ci anam wu leer. Téral nanu ni ñoo jélée liggéekat ak ña ñoo jox liggéey ba fa seen maaxamma war a tollu.

FÀNNA 2EEL BI: KURÉLI RÉEW MI ÑU TÀNNA AY JAMBUR YUY SAYTU WÀLLI ÀQA AK YELLEEFI DOOM AADAMA.

12.3: Fànna bii amal ña ngir ñafa war a nekka, liggéey ak doole kurél gi diluñu taxawal ci anam wu moo saytoo mbiri boppam.

12.4: Fànna wii dafa amal nu nit amee sañ-sañi wax lu ko naxadi ci kuréli jambur yooyu di wone lu awul yoon, li ñu ko xañ, xëtta sarta wala di noot àqa ak yelleef ak jàmma yi ñu téral ci juróom-benneeli xaaj bi ci sartay doxalini réew mi.

FÀNNA 3EEL BI:- KURÉL BI ÑU TÀNNA AY JAMBUR YUY SAYTU WÀLLI DÀQA MBIRI GER

12.5: Fànna bii amal na ñi war a bokka ci jambur yooyu, seen liggéey ak doole gi ñuleen rànga.

12.6: Kurél gii danu ko doolel ngir ñu géstu ay xew-xew di ay tuuma wala luñu yaakaar ci mbiri ger di lu ñu jélée ci nit kumu mën a doon wala fu yore dogal, wala lu ñu ko xamal, mu doon ci lu ñu naxarlu wala neneen.

12.7: Kuréli jambur yii am na it doole ci di taxawal ak di teg àtte ci bëppa jëf ju méngook ger ak it di jébal yenna mbir yi ci njiit li nguur gi dénka wàlli dogal àtte ngir mu xelal ko wala ci neneen.

FÀNNA 4EEL BI: KURÉL GIY SAYTU TAWATI LIGGÉEYKATI NGUUR GI (OMBUDSMAN)

12.8: Fànna bii dafa téral ñi wara bokka ci kurél gi, liggéey biñuleen sas ak doole liggéeyukaay bi.

12.9: Ombudsman bi liggéeyam yép mooy di jëf ci tawat yu aju ci doxalin wu jaaduwul ci nguur gi, booleek tawat yu aju ci njiit wuy jëfée dooleem ci anam wu awulyoon, teg nit lumu elloowul, feeñal jëfin yu dégguwul wala léppa lu yoon ŋañña, nooteel, jubadi wala lu mëngoowul ak jëfini liggéeyukaay.

FÀNNA 5EEL BI: NJIITI BUNTI LIGGÉEYUKAAY BIY SAYTU WÀLLI JÉL KONTA ALALI RÉEW MI AK LIGGÉEYUKAAYI NGUUR GIY SAYTU WÀLLI JÉL KONTA ALALI RÉEW MI

12.10: Ci fànna bii danu war a tànna njiiti liggéeyukaay biy saytu wàlli jél konta te téral nanu doole yi ñu ko ranga ak liggéey yi ñu ko sas. Taxawaayam bi gén a fés ci liggéey yi nu ko sas mooy di jél konta alali nguur gi, banxaasi nguur gi ak it njiiti nguur yu ndaw yi ak yeneen.

FÀNNA 6EEL BI: DENCUKAAYI XAALIS BU MAG BI CI RÉEWI GAMBIYA "CENTRAL BANK"

12.11: Fànna bii dafa taxawal dencukaayi xaalis bu mag bii mu doon fi nguur gi di denca alali réew mi, daldi téral liggéey yi moo saytu bokka ci yii di bayyi xel, di rekle ak di awaleyoon sarta yi ci wàlli xaalis, mbiri doxalini xaalis bi ñoo jëfoo ak mbiri baank yi

12.12: Uutéek ni ñu ko téralée ca sartay doxalini réew mi bu atum 1997, njiiti Baank bu mag bi (Central Bank) du saytooti ñaari liggéey ca baank ba, maanaam du boole liggéeyam ak doon ki ñu jaglel siis ba ca kuréli njiit ya. Lii dafa mëngook jëfin wu leer ak doxalini nguur gu baax

FÀNNA 7EEL BI: KURéLI JAMBUR GIY SAYTU WÀLLI LIñATI XEW-XEW YI

12.13: Fànna bii dafa jox njiiti réew mi doole mu taxawal kuréli jambur yiy liñati xew-xew yi, daldi téral it doole gi ñu jox kurél gi ak liggéey yi ñu ko sas.

XAAJ 13EEL BI: DEPAAS BI JÉM CI RÉEW MI

13.1: Xaaj bii dañu ko séddale ci juróom-benni fànna jëf ci mbiri depaas biy jém ci réew mi doon lu am solo ci doxalini alali réew, doxalini nguur gu baax ci wàlli alal gi, doon lu am solo ci indi jàmma, dal, yokkute ak doxalini nguur gu baax ci wàlli demokaraasi. Xaaj bii jëf na ci wàlli peyam lempo, alal gi nguur gi dajale ngir depaasee ko Jëf yi mu lal, bor yi, ndimbal lu jógée bitim réew, téralini depaas bi ak yi nguur gi di jénda.

FÀNNA BU NJÉkkA BI: TÉRALIN YI DOXALINI DEPAASI RÉEW MI LALU

13.2: Fànna bii dafa amal dara ngir téralin yuy jubal depaasi nguur gi ci réew mi.

FÀNNA 2EEL: PEYAM NAAMO

13.3: Ci fànna wii, def nañu ngir ñu yokka Naamo yi ak nuñu koo doxalee ci réew mi. Dafaa emale doxalini mbir yi ñoo bayyi mu jalla ak ni ñoo uutalee peyam Naammo yi daldi téral yoon wi ñu war a toppa ngir wax numoo tegoo, bayyi mu jàlla wala uutale peyam Naamo yi.

FÀNNA 3EEL BI: ALALI NGUUR GI

13.4: Alali giy dem ci réew mi dañu koo sàkku te téral nuñoo saytoo doxalini alal gu nekka ngir fànqa jëfóo alal gi ci anam wu awul yoon.

13.5: Fànna bii dafa sàkku alal gu jém ci wàlli yokkute, ci biir lii dinañu ca fey 5% ni lempo yi ñoo dajale yép at mu jot. Fànna wii amal na ni ñoo jëfóo alal gi jém ci wàlli yokkute.

FÀNNA 4EEL BI: BOR YI, NDIMBAL YI, ÑI NGUUR GI WARLU AK BORI NGUUR GI.

13.6: Fànna wii dafa téral ni ñoo war a joxee bor yi ak ni ñoo saytoo doxalini bori askan wi ak yeneen. Raññee na taxawaayi néegi dipité yi aju ci bori askan wi.

FÀNNA 5EEL BI: TÉRALINI DEPAAS

13.7 Ci fànna wii amal nañufa yu aju ci li nguur gi xayma ci at mi doon lu ñoo téral ca néegi dipité ya be ñu aanda ca. Téral nañu fa yoon wi ñu war a jaar ngir jallale luwaa buy joxe ndigal ngir ñu depaasee alali nguur gi wala luwaa buy joxe ndigal ngir ñu mën a yokka alal ci jëf yu ñu depaasoon be noppi ci te aju ci luwaa.

FÀNNA 6EEL BI: YI NGUUR GI DI JÉNDA

13.8: Fànna wii dafa amal ab peloy doxalin ngir di mën a jarale yoon njëndam jumtuwaay yi nguur gi soxla te laaj anam wu leer ci lëppa lu ñoo jénda ngir fànqa mbiri ger.

XAAJ 14EEL BI: SUUF, LI NU WÓR AK KOOM-KOOM GI NU FEKKA BAAX

14.1: Xaaj bii dafa am ñetti fànna te raññee na gén a doolel ni suuf, li ñu wór ak koom-koom gi nu fekka baax amee solo. Ñu ngi koo soga amal mu doon njélbéeni yoon ci sarti doxalini réew mi. Dafa ómba xelaat yi ñu jélée ci waxtaan yi ñu amaloon ak askan wi mu aju ci amal suuf doomi réew mi ak ku nekkul doomi réew, njublaŋ giy am ci koom-koom gi ñu fekka baax ak gallankoor yi ñoo njankuwanteel ci li ñu wór.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: TÉRALIN WI ÑU WÉER EMALE ÑÉP CI JËFÓO SUUF SI, LI ÑU WÓR AK KOOM-KOOM GI NU FEKKA BAAX.

14.2: Téralin yi lal doxalini emale ñép ci jëfóo suuf si, saytu doxalin ak kaaraange suuf, li ñu wór ak koom-koom gi ñu fekka baax def nañu ko ci fànna bii ngir mu wone yoon wi.

FÀNNA 2EEL BI: KURÉL GIY SAYTU WÀLLI SUUF, LI ÑU WÓR AK KOOM-KOOM GI NU FEKKA BAAX.

14.3: Fànna wii taxawal na kurél gu moom boppam àndak dooleen ak ay jëf yuy jublu ci saytu doxalin wu aw yoon ci mbiri suuf ak emale ñép ci ni ñoo jëfóo koom-koom gi ñu fekka baax ak li ñu wór.

14.4: Gén naa raññee it ne dafa laaj ñu emale ñi bokkul jamano ci ni ñoo jëfóo suuf si ak koom-koom gi ñu fekka baax ci réew mi.

14.5: Raññee na it ne laaj na ñu aar li ñu wór, koom-koom gi ñu cosaanoo suñu gancax geek rabi àlla yeek yi ci géej geek jéeri jeek yuni mel.

FÀNNA 3EEL BI: YI NU AMAL CI BÉPPA ANAM

14.6: Fànna wii dafa jubbanti amini suuf ci doomi réew mi ak ñi dul doomi réew mi. Dafa emale yelleefi moom suuf ci ñi dul doomi réew mi daldi raññee anami amini suuf yu bari te uutée. Lii dañu ko def ngir mëtal bëggë-bëggi askan wi niñu soxlaa yaxanal yelleefi suuf si ak moomeel ci doomi Gambiya yi ci jamano ak ñiy ñów ëlég.

XAAJ 15: LIGGÉEYI NGUUR GI

15.1: Xaaj bii ómba na ñennenti fànna, mu jëf ci wàlli liggéeyi nguuri Gambiya. Lii dafa aju ci li askan wi laaj ñu amal kuréli liggéeykat yu bokkul ngir jàngalekat yi, bu wàlli wér gu yaram gi ak bu liggéeykati nguur gi ñu am ci jamano jii. Betax, ñu sos kurél giy saytu mbiri jàngalekat yi ak kurél giy saytu mbiri liggéeykat yi ci wàlli wér gi yaram gi, mu doon ñjélbéeni yoon mu nekka ci sartay doxalini réew mi.

15.2: Xaaj bii defal na it ay téralin ngir niy jëf ci mbiri jaayanteeg-njéndante te doon bu nguur gi. Béréb yii dañuleen sas ñuy saytu doxalini béréb yu am solo ci koom-koomi réewi Gambiya. Téral na ngir ñu amal kaaraange ci toogaayi Njiit yay saytu doxalini liggéeyukaay ya ak kurél ya ñu sos jambur ya ñu tanna ñuy saytu liggéey ba, ngir àar leen be benna borom doole ci nguur gi du saña duggal loxoom ci seen doxalin.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: LIGGÉEYUKAAYI NGUURI GAMBIYA YI.

15.3 Ci fànna bii liggéeyukaayi nguuri Gambiya yi dañu leen sos, mbiri jél ay liggéeykat, génnée nit ci liggéey bi, jamano ji liggéekat bi war a noppalu ci liggéey bi ak it màqaama biy tax ñu jél nit ci liggéey bi yép téral nañu ko ci. Téral nañu ay tere ngir emale yéngu liggéeykati nguur gi ci jëfi pólótig.

FÀNNA 2EEL BI: KURÉL YI NU TANNA AY JAMBUR NGIR NU JÀPPALE CI DOXALINI LIGGÉEY YI.

(i) Yi ñu téral ci mbir yi yép

15.4: Lenna ci fànna wii taxawal na ñetta ci kurél yii ngir liggéeykati nguur gi ñu doon kurél giy saytu mbiri Liggéeykati nguur gi, kurél gi saytu mbiri jàngalekat yi ak kurél giy saytu mbiri liggéeykati wàlli wérgi yaram gi, nuy saytu mbiri jél liggéeykat, di leen emale ci yar ak dal, ak di génnée liggéeykat yóoyu nekka ci seen ron ci liggéey bi. Taxawal nañu béréb buy doxal liggéey yóoyu ngir ñu dileen jox ndimbal wonleen yoon wi ak di téral ni mu waree li doon liggéeyi kurél yii.

(ii) KURÉL GIY SAYTU MBIRI LIGGÉEYKATI NGUUR GI.

15.5: Kurél gii dañu ko taxawal ngir ñu gis ne liggéeyi nguur gi mu ngee dox ni mu waree te mu ngee mëtal mëbët yañu ca am, ak di amal tàggat ngir yokkute liggéeykat yi te di mën a joxe lu doy ak amal kenna ku nekka wàllam. Fi dogali kuréli nguur giy saytu mbiri liggéeykat yi em aggul ci néegi dipité yi, néegi **à**tteekaay yi, wàlli kaaraange gi ak wàlli nguur yu ndaw yi.

(iii) KURÉL GIY SAYTU MBIRI JÀNGALEKAT YI

Kurél gii lañu jaglel mbiri jél ay jàngalekat, dileen jagleel jàngukaay bi ñu war a dem ak di jàngat dayo njànga mi ak tàggat yi ñu soxla ci ñóoñu di soga dugga ci njàngale mi, booleek yeneen.

(v) KURÉL GIY SAYTU MBIRI LIGGÉEYKAT YI CI WÀLLI WÉRGI YARAM.

15.7: Kurél gii lañu jaglel mbiri jél ay liggéeykat ci wàlli wérgi yaram ak fànna yi ci toppatoo wérgi yaram ak mbiri yokkute liggéeykat yi ci wàlli wérgi yaram. Dañu ko amal ngir gis ne am nañu fajukaay yu am dayo te dox ni mu waree te mëtal mëbët ya ñu ca am.

FÀNNA 3EEL BI: YI NU TÉRAL CI KURÉLI LIGGÉEYKAT YI YÉP.

15.8: Téral nañu ci fànna wii mbiri màqaama bi ñu soxla ki bokka ci kurél gi am, diir bi ñu war a toog ci kurél gi ak it ni kurél yi moomee seen boppa ken duleen dogalal.

FÀNNA 4EEL BI: BÉRÉBI NGUUR GIY YÉNGU CI MBIRI JAAYANTEEG-NJÉNDANTE

15.9: Fànna wii mooy jubbanti mbiri jél ay liggéeykat, fi màqaama ñi ñoo tànna ci kurél gi ak ki jiité bérébi liggéeyukaay ba tollu ak mbiri wàccee ña bokka ca tànnéef ya. Téral na it ñu am nuy toppa di seet ni béréb yii di doxee. Béréb yii dañu war di binda di wone na mbir ya di doxee at mu jot joxe ko ca néegi dipité ya.

XAAJ 16EEL BI: KAARAANGE RÉEW MI

16.1: Xaaj bii am na ñenenti fànna, mu jëf ci mbiri kaaraange réew mii. Dafa gén a yaatal limi jaambur yi bokka ci kurél giy saytu wàlli kaaraange gi daldi téral ngir ñu taxawal kurél giy saytu mbiri liggéeykat yi ci wàlli kaaraange, lii téralin wu bees la.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: LIGGÉEYUKAAY YIY SAYTU WÀLLI KAARAANGE AK KURÉLI RÉEW MI DI SAYTU WÀLLI KAARAANGE.

16.2: Ci fànna bii Liggéeyukaay yiy saytu wàlli kaaraage ak kurél giy saytu wàlli kaaraange réew mi sos nañuleen , ñu téral liggéey bi ñu leen sas ci anam wu leer.

FÀNNA 2EEL BI: TÀKKA DER YI (AAMI YI)

16.3: Dañu wone taxawaayi Aami réewi Gambiya bu nekka daldi téral ni ñoo jélée ay liggéeykat ci Aami yi.

FÀNNA 3EEL BI: PÓLIS BI

16.4: Bunti pólis ci réewi Gambiya dañu ko taxawal ñu téral yi ñoo aandal ak seen liggéey, boole ci it jél liggéey njiit la.

FÀNNA 4EEL BI: KURÉL GIY SAYTU WÀLLI KAARAANGE RÉEW MI

16.5: Lii kurél la guy rekle mbiri jél ay liggéeykat ak yeneen mbir yu méngóok jél liggéeykat ci wàlli kaaraange gi. Liggéeyi kaaraange gi nu def ci wàlla wii ñoo di bunti Polisi réewi Gambiya bi, bunti liggéeyukaay biy saytu mbiri ñiy dugga ak di génna ci réew mi(Imigiréeson), bunta biy saytu mbiri safara ak di sowe nit ci ay jéya (faya saabis), ak béréb bi ñu dénca ñi caabi féetée ganaaw (koso bi).

XAAJ 17: YOKKUTE JÉM KANAMI NDAW YI CI RÉEW MI17: Xaaj bii dafa téral sarta yi yokkute ndaw yi lalu di lu war a won yoon réew mi mu aju ci mbiri ndaw yi. Bokka na ci yii li tax ñu war di waxtaan ak ndaw yi bu ñoo téral ay sarta yu aju ci seen mbir.

XAAJ 18: KURÉL GI ÑU DÉNKA WÀLLI XAMAL ASKAN WI MBIRI DOXALINI NGUUR GI, SEENI SAÑ-SAÑ AK SEENI WAREEF (NCCE)

18: Xaaj bii taxawal na kurél gii, téral na it liggéey bi ñu ko sas ak ni maaxaama bi jambur ya war a bokka ci kurél gi war a tollu, ak li tax ñu dileen génnée. Yokka nanu liggéey bañu sas kurél gi ngir ñu boole ca mbiri njànga mi ak di tasaare xibaar yi ci yeneen luwaa yi bokkul ak sartay doxalini réew mi.

XAAJ 19: MBIRI SOPPALI YI CI SARTAY DOXALINI RÉEW MI

19: Xaaj bii téral na nuñoo soppalee wàlla yokka lu bokkul ci sartay doxalini réew mi mu amal téralin ci yooni luwaa yi nga xam ne dañu ko téj ken du ko soppali ak yi ñu téjul, boole ci di wone li mu laaj ak yoon yi ñu war a jaar ngir soppali wàlla yokka dara ci sartay doxalini réew mi. Téral na it yu joxoñu yu ñu nangulul néegi dipité yi soppali wàlla yokka dara ci sartay réew mi ngir yokka diir bi Njiiti réew mi war a toog di lu méngóowul ak diir bi ñu fa def. Lii lu bees la.

XAAJ 20: YENEEN MBIR

20.1: Wàlla wii dafa ómba ñaari fànna di téral yeneen mbir yi.

FÀNNA BU NJÉKKA BI: JÉL AY LIGGÉEYKAT, KU BAYYI LIGGÉEYI NGUUR GI CI COOBAREEM AK YU NI MEL.

20.2: Wàlla wii dafa rekle mbiri jél ay liggéeykat ak liggéeykati nguur giy bayyi liggéey bi ci seen coobare be sutal mu téral yeneen wareef ak doole yu mu joxe demee ni ñakka jëf lu ñu la sas te awulyoon.

20.3: Wàlla wii dafa téral ñu sotti sarti doxalini réew mi ci làkki réew mi, taxawal doole yu bari daldi defar yu jém ci mbiri jàppandal ak loraaange yu fàqeekoo ci ay mbir. Dafa it dàqa nekkini Sarti Réew mi am ci jamano ji.

TÉRALINI DOXALIN YI

(a) Sarta bi ñu téralagum amal na ñetti téralini doxalin. Bu njékka bi, dafa méngóok goxi liggéeyukaay yi ci réewi Gambiya, ñaareel bi, dafa rédda gox yi ngir sànni karti néegi dipité yi, ñetteel bi, sos yu jém ci mbiri jàppandal ak loraaange yu fàqeekoo ci ay mbir.

(b) Ñetteeli téralini doxalin bi dafa taxawal kurél guy saytu doxalini sarta wi àndak ay sas ngir doxalini sarta wi. Rax-ci-dolli, téralini doxalin wi leeral na ne diir bi Njiiti réew mi ci jamano jii toog ci boppi réew mi dafaa bokka ci xayma diir bi njiit mën a toog di jiité réew mi.